

ENTEGRASYON EVEK LOT PWOGRAM Y

Nou te etabli Patnèship avèk kominote a poun sipòte paran ak fanmi yo:

- Fòmasyon Lidèship nan Inivèsite Salisbury ak Parkside CTE
- Summer Camp Expo poun pataje enfòmasyon konsènan pwogram ete pou timoun
- Liv Mobiye Libreri Piblik Wicomico County
- The Judy Center
- Title III Angle pou Esplikè lòt Lang yo (ESOL)
- Ward Museum
- Depatman Sante Wicomico
- Maryland Food Bank
- Immanuel Baptist church
- Lyezon Kominote a avèk Depatman Polis Salisbury a
- Wicomico County JROTC
- Emmanuel Wesleyan Church
- Food Lion



BAY ASISTANS AK FÒMASYON

Nan bay enfòmasyon kouran a fanmi yo konsènan pwogram Title I ak ekzijans angajman fanmi anba Every Student Success Act / Lwa Siksè Chak Elèv. Fanmi yo pral resevwa tou enfòmasyon konsènan korikilòm ke nap anseye, sou nivo konpetans nou espere elèv yo acheve, sou evalyasyon done endividyèl ak rezilta yo avèk yon eksplikasyon. Nou pral pataje enfòmasyon sa nan Sware de Retou nan Lekòl East la, nan Reyinyon Oryantasyon Title I ak Reyinyon Konsèy Konsiltatif Paran. Fanmi yo pral genyen opòtinite pou yo patisipe nan reyinyon ki gen rapò avèk edikasyon pitit yo.

OPOTINITE EGAL

Se polisi Wicomico County Board of Education poul founi edikasyon egal ak opòtinite travay san fè diferans de laj, sèks, ras, koulè, relijyon, orijin nasyonal, dezabilkite oubyen oryantasyon seksyèl.

AKTIVITE ANGAJMAN PARAN AK ZOUTI YO

Lekòl nou pral ofri bagay sa yo:

1. 2 Sware Akademik Fanmi poun adrese bezwen elèv yo ki baze sou korikilòm leta, distri a ak evalyasyon yo.
2. Yon Sant Resous Paran ak patisipasyon paran nan Ekip Lidèship Instriksyonèl la (ILT)
3. Opòtinite pou fanmi yo revize, e ofri sijeksyon konsènan Bidjè Title I nan nan Reyinyon Konsèy Konsiltatif Paran (PAC)
4. Atelye Estrateji ki baze sou rezilta Sondaj Interè Paran yo
5. Aksè nan pwogrè elèv yo pa semèn pa mwayen Pwogram Pòtal Paran an ak opòtinite pou aranje konferans avèk pwofesè yo.
6. Kominike notifikasyon de instriksyon ak evenman lekòl nan plisye fason (e.g., Mesaj lekòl, voye lèt lakay, bilten chak mwa, emel, ak katak chak semèn etc.)
7. Fòmasyon Lidèship nan Parkside CTE ak Inivèsite Salisbury pou elèv sinkyèm ane yo.



SONDAJ FANMI YO

Nan komansman ane lekòl la, nou mande paran ak fanmi yo pou yo konplete 2 dokiman.

- Sondaj Enterè: topik pou atelye yo, jou ak lè pou yo patisipe nan evènman lekòl yo.
- Sondaj Volontè: ap founi lekòl la enfòmasyon sou kòman paran ak fanmi yo kapab fè patenarya avèk lekòl



BWOCHI TITLE I EAST SALISBURY AK ANGAJMAN PARAN

2019—2020

202-2013

**DIREKTÈ
MARIA WRIGHT**

**ASSISTAN DIREKTÈ
TARA PARSONS**

**DWAYEN ELÈV YO
TIMOTHY DICKSON**



Wicomico County Board of Education a rekonèt ke fanmi yo se premye pwofesè pitit yo e yo fonksyone kòm edikatè pandan tou la vi pitit yo. Genyen plis ke trant ane de rechèsh ki montre ke siksè akademik elèv la ak estim de swal vrèman relate a angajman fanmi nan edikasyon pitit yo depi nan pre-kindergarten jis nan lekòl segondè. Lekòl Elemantè East Salisbury kwè tou ke edikasyon timoun nou se yon responsablite pataje. Patisipasyon lekòl la, fanmi an ak kominote a ap kreye yon sistèm edikasyon ki pi solid e lap amelyore kalite de vi pou elèv yo, fanmi yo, ak tout kominote Distri Wicomico a. Sistèm lekòl la ak chak lekòl endividyèl pran yon angajman pou yo etabli pwogram ak pwatik kap kreye yon klima de konfyans mityèl ak respè e ki sipòte angajman fanmi.

REYINYON KONSÈY KONSILTATIF PARAN (PAC)

Konsèy Konsiltatif Paran Lekòl Elemantè East Salisbury (PAC) reyini 2 fwa pa ane nan lekòl la. Paran, fanmi, amplye, ak administratè yo envite pou yo patisipe. Nap diskite e revize topik sa yo avèk paran ak fanmi yo nan reyinyon PAC yo:

- Pwogram Title I
- Plan Angajman Fanmi Title I ak Bidjè
- Patnè yo nan Konpak Aprantisaj
- Done Elèv
- Aktivite Angajman Paran yo.

Paran ak Fanmi yo ap bay kontribisyon nan devlopman pwofesyonèl pou pwofesè yo, sa gen rapò ak konpreyansyon kominote lekòl la ak angajman fanmi. Nan reyinyon PAC yo, paran ak fanmi bay kontribisyon yo konsènan Bwochi Angajman Paran an ak Konpak la. Nou baze sou fidbak paran yo poun fè revizyon nan dokiman sa yo.



KOÒDINASYON AK SIPÒ

Koòdinasyon Pwogram ak asistans teknik pou lekòl Title I lè nap planifye e enpleman aktivite efikas de angajman fanmi ki itilize pa mwayen efò Sipèvizè Title I nan, Espesyalis Fanmi Angajman Title I nan, ak Patipasyon Pwofesyonèl Fanmi Title I yo. Pwofesè Entèvansyon East Salisbury yo ap bay sipò nan sal de klas yo, materyèl instriksyonèl endividyalize, pwogram anrichman yo, remediasyon e rankontre regilyèman avèk PAC pandan ane a.



SWARE FANMI EAST SALISBURY

East Salisbury gen 2 Sware Fanmi pou elev yo ak fanmi yo sou estanda akademik yo. Objektif sware fanmi yo se pou ranfòse konpetans ke nap enseye nan sal de klas yo. Nou reyalize sa pa itilizasyon jwèt, manipilatif, ak pastisipasyon fanmi yo. Chak fanmi pral resevwa materyèl pou lakay pou yo kontinye ede pitit yo manevre konpetans sa yo. An plis de sa, nou pral sèvi dine. Nap bay transpòtasyon, entèprèt ak gadòr timoun sou demand.

ASIRE AKSESIBILITE

Plan Amelyorasyon Lekòl Elemantè East Salisbury a li disponib pou paran yo ak fanmi revize. Plan sa ap enkòpore 4 eleman de Pwogram Title I nan tout lekòl la ak pwogram instriksyonèl, atandans, ak objektif lekòl yo. Plan sa li disponib pou revizyon nan www.wcboe.org. Paran ak fanmi yo kapab soumèt keksyon ak komantè a Direktè a oubyen a Prezidan Lidèship Instriksyonèl la. Nap bay entèprèt, gadòr timoun ak transpòtasyon sou demand. Nap tradwi envitasyon/ fèy piblisite yo si se nesesè. Fanmi yo kapab soumèt sousi ak komantè yo pa ekri oubyen yo kapab pale ak yon administratè.

